

# Ou bezwen yon lekòl?

Nou gen yon plas pou ou.

## Pwogram pou debitan (Early Childhood) 3-K ak Pre-K

Timoun ka kòmanse 3-K nan ane kalandriye kote y ap gen laj 3 ane a. Timoun ka kòmanse pre-K nan ane kalandriye kote y ap gen laj 4 ane a.

Fanmi ka eksplore opsyon sou entènèt epi mete non yo sou lisdatant pou pwogram nan [MySchools.nyc](https://www.nyc.gov/MySchools).

Kèk pwogram 3-K ak pre-K ofri swen ak edikasyon pandan tout ane a pou jiska 10èdtan pa jou pou timoun ki kalifye dapre revni ak bezwen fanmi yo—jwenn plis enfòmasyon nan [nyc.gov/PreK](https://www.nyc.gov/PreK) oswa [nyc.gov/3K](https://www.nyc.gov/3K).

## Lekòl primè Kindergarten rive klas 5yèm ane

Timoun kòmanse kindergarten nan ane kalandriye kote y ap gen laj 5 ane a. Elèv ki fini klas 5yèm ane ka kòmanse lekòl presegondè. Pifò timoun ale nan lekòl primè oswa lekòl presegondè ki pou sektè yo abite a (zoned school)—jwenn pa w la nan [schoolsearch.schools.nyc](https://www.schoolsearch.schools.nyc).



Ou gen yon lekòl zòn epi ou vle ale ladan? Enskri dirèkteman nan lekòl sa a.



Ou pa gen yon lekòl zòn oswa ou vle dekouvri ki lòt opsyon ou genyen? Kontakte pwogram yo dirèkteman oswa vizite yon Family Welcome Center ([on.nyc.gov/FWC](https://www.nyc.gov/FWC)).

## Lekòl presegondè Klas 6yèm rive 8yèm ane

## Lekòl segondè Klas 9yèm rive 12yèm ane

Elèv ki fini klas 8yèm ane ka kòmanse lekòl segondè.

Eksplòre lekòl ak pwogram lekòl segondè yo sou entènèt nan MySchools.nyc. Apresa ale nan yon Family Welcome Center ([on.nyc.gov/FWC](https://www.nyc.gov/FWC)) pou pale sou opsyon ou genyen ak pou w enskri.



## Pou timoun k ap antre nan 3-K, pre-K, kindergarten, klas 6yèm ane, oswa klas 9yèm ane:

Ale nan [on.nyc.gov/Enrollment](https://www.nyc.gov/Enrollment) pou konnen si aplikasyon oswa lisdatant yo ouvri—pandan tan sa yo, ou ka itilize MySchools pou aplike oswa pou ajoute pitit ou a sou lisdatant pwogram.



## Gadri pou fanmi ki elijib

Pwogram EarlyLearn yo ofri swen pandan tout ane a pou timoun ki gen laj 6 semèn jiska laj 2 ane pou jiska 10èdtan pa jou. Yo baze elijiblite a sou revni ak bezwen fanmi an. Pou jwenn plis enfòmasyon ale sou [on.nyc.gov/BrightStarts](https://www.nyc.gov/BrightStarts).



## Jwenn distri pa w la ak lekòl zòn ou an.

Pifò timoun ale lekòl primè oswa lekòl presegondè nan lekòl sektè zòn yo abite a (zone school). Rele 311 pou konnen nan ki distri lekòl ou abite, si w gen yon zoned school ak enfòmasyon pou kontakte lekòl sa a, oswa mete adrès ou nan [schoolsearch.schools.nyc](https://schoolsearch.schools.nyc).

Si w pa gen yon zoned school, ou ka kontakte lekòl yo dirèkteman pou enskri oswa ou ka ale nan yon Sant Byenveni pou Fanmi (Family Welcome Center, FWC) pou gen enfòmasyon sou opsyon ou gen pou lekòl.



## Jwenn ki kote Sant byenveni pou fanmi pi pre w la ye

Sant Byenveni pou fanmi yo sèvi fanmi Vil Nouyòk pou enskripsyon ak admisyon pandan tout ane a. Nou gen adrès nan chak borough epi nou ouvri lendi rive vandredi tout ane a. Tanpri tcheke [on.nyc.gov/FWC](https://on.nyc.gov/FWC) pou jwenn enfòmasyon ki pi resan sou lè a adrès yo.


### Lè w ap kontakte oswa vizite nou, tanpri fè nou konnen:

- Non ak siyati pitit ou a ak dat nesans li
- Si w bezwen sipò nan yon lòt lang
- Si oumenm (paran/responsab timoun lan) soud oswa pa tande byen

Tcheke [on.nyc.gov/NewStudents](https://on.nyc.gov/NewStudents) pou w konnen sa pou pote lè w ap enskri lekòl.



## Itilize MySchools pou chèche lekòl ak aplike

 **MySchools.nyc** se yon anyè sou entènèt kote ki gen lekòl ak pwogram leta Vil Nouyòk ou ka chèche sou entènèt, ansanm avèk yon sistèm aplikasyon pèsonalize pou fanmi

- Dekouvri opsyon pou lekòl nenpòt lè nan ane a nan anyè piblik nou yo.
- Kreye yon kont pou aplike nan lekòl lè aplikasyon yo ouvri.
- Ou rate peryòd aplikasyon an? Lè lisdatant yo ouvri, ou ka itilize MySchools pou ajoute pitit ou a sou lisdatant pwogram yo.
- Chèche konnen lè aplikasyon yo ak lisdatant yo ouvri nan [on.nyc.gov/Enrollment](https://on.nyc.gov/Enrollment).
- Jwenn plis enfòmasyon sou lisdatant nan [schools.nyc.gov/Waitlists](https://schools.nyc.gov/Waitlists).